JURÓÓMEELU NJANG: WONE YOON WI

EZRA WUBE
ADDUNA BU MËNA AM

CI TËNK

Film bu ndaw bu Ezra Wube bu tudd Adduna bu mëna nekk, benn dessin anime la bu jóge ci ay waxtaan yu mu amal ak lu ëpp téémééri nit bés bu nekk ci Ethiopie bi yëpp. Ci ay seri yu rafet te yëngu lool, Wube dafa dundal génti ay dagam ngir adduna bu beesaat. Jàngkat yi dinañu bokk ci ay weccente xalaat ak ab aktiwite ngir gëna mëna xam ci li film bi di mandargaal.

Li Ni Ci Séentu:

1. Jàngkat yi dinañu xool gis-gisi yooyu téémééri nit jóge ci Ethiopie bi yépp te nu doon leen laaj ngir def film bi.
2. Jàngkat yi dinañu faramfacce gént yi jóge ci laaj yooyu ngir adduna bu beesaat.
3. Jàngkat yi dinañu xalaat ci ay yëngu-yëngu yu am te ñu baax ci nit ñi ak ci jawu ji.
4. Jàngkat yi dinañu faramfacce yoon wi artist bi di ñu won ngir ëllëg bu nu bokk te dinañu mëna joxe seeni xalaat ci loolu.

Tërëlinu Njàng Mi (60 simili):

1. Dalal bi: 5 simili
2. Wone film bi: 5 simili
3. Weccoo xalaat ci ay mbooloo yu ndaw: 15 simili
4. Waxtaanak ki nekk sa wet: 10 simili
5. Aktiwite yi: 20 simili
6. Tëj waxtaan wi: 5 simili

Baat Yu Am Solo: Mbay, Animasiyon, Li di dund yepp ak fi nuy dunde, Soppeeku Kilimaa bi, Njangum fi li di dund nekk, Eneersi bu doy, Lëkkëloo, Jappalante, Wone Yoon, Li Jawu ji maye, Tilim-Tilim jawu ji ak saxaar, Resikalaas, Dekkalaat, Jefandikoo bu yagg, Eneersi Ngelaw gi.

Jumtukaay:

1. Kayit yi ñuy wara defe actiwite yi (ñu tiire leen)
2. Li ñuy binde (crayons, big, ay markëër walla)

1 UBBITE BI (5 SIMILI)

Dalalal jàngkat yi

Tay, dinanu faramfacce film bu artist bi tudd Ezra Wube te xool ni waa Ethiopie di dunde bés bu nekk. Ci film bi artist bi dafay xool gis-gisi téémééri nit ci seen dund bés bu nekk yi mu laaj ci seeni yaakaar ak ngént ci adduna bu nu beesalaat.

L: Lan lanu bëgga wax bi nu waxee “beesalaat”?

T: Li taxa jóg def liggéey bu am yaggaay mooy fexe ba nit ñi seeni aajo faju tay te ñu baña tas yaakaari jamono yi di ñëw. Li taxa jóg beesalaat mooy fexe ba ñu am doxalin bu baax ngir defaraat nekkinu nit ñi, nit ñi ak li ñu jawu ji may, ak sunu dund bi

2 WONE FILM BI (5 SIMILI)

Léégi mën nanu seetaan *Adduna bu Mëna Am*, te defarkatu film Ezra Wube def ko. Ezra mungi juddoo Ethiopie waaye léégi nii mungi dëkk Brooklyn, New York.

JËF: Bunuy seetaanandoo film bi, nanu fexe xalaat ci lii:

1. Yan coppite ngeen gis bi film door ba mu jeex? **2.** Naka lanu defare film bi?

3 SOTTEENTE XALAAT CI MBOOLOO (15 SIMILI)

Xalaatleen ci film bi nu seetaan sanq ak li ngeen ci gis.

L: Naka lanu defare film, yan teknik ngeen gis?

T: Animaasiyon (portale ay dessin benn benn ngir wone ni dañu doon yëngu bi film bi doon dem ni ay pacc)

L: Naka la film bi tambale? Naka ngeen mënee wone ni ñu wonee natiir bi?

T: Rafetaayu garab yi, Sell, Dëgër, Tekki, Kattan, Dund

L: Yan coppite noom ngeen gis ñoo am bu gaaw ci ni ñu wone jawu ju rafet ji ci film bi?

Nanu liggéeyandoo ngir génne lan la nit ni def te mu xew ci tambaleek film bi.

L: Nit ñi ci li ñiy jëf yan ngeen gis ne ñooy indi ay galaankoor?

T: Tilimal bu jóge ci saxaar, desit, sanni mbalit, ñakka toppatoo natiir bi, jefandikoo re-sources natirel yi.

L: Yan ngeen xalaat ne ñooy jëf yu am njëriñ?

T: Setal, fomp, resikle, boole doole yi liggéeyandoo

Ni ñu ko waxewoon ci njëlgeem ga, defarkatu film bi dafa laaj lu tollook téérmééri nit te seeni yaakaar ak gént ñoo tax ba film bi am.

Q: Téémééri nit ñi ñu laaj, naka la seeni xalaat génne ci film bi?
A: Seeni baat, wax, coow, waxin, jëf, tur ci jeexital bi.
Q: Lan mooy kattaanu am baat yu bari su fekkee sax am na ci yu wute?

Nanu xool bu baax yenn ci baat yi joge ci laaj yi (timestamp 1:10). Nanu jël benn simili te génne benn baat biy wax ci yeen. Mën nga tann benn baat boo mësula dégg, lenn li nga def, walla lenn li ngeen bëgga xam.

Xalaat: Woowal yenn ci jàngkat yi ñu bokk ak mbooloo mi seen baat. Fexeel ba guddal wax ji ci li mu laale adduna bi ak ay baat yu gëna metti ni turism. Mën nga laaj jàngkat yi ñu gëstu ay junj yu gëna jege li ñuy waxtaane.

Po mu gaaw!

L: Ci baat yii, ban lañu ciy maggal? *Maanaam, Kilimaa bu yem*
L: Ci baat yii, ban lañu ci faral di xeex? *Maanaam, Jële fi petarol*
L: Ci baat yii, ci ban lañu wééru? *Maanaam, Taw walla mbëggéél*
L: Ci baat yii, ban lañu _____ (laajal jangkat yi ñu joxe benn)

4 WAXTAAN AK KI NEKK SA WET (10 SIMILI)

Film bi dafay wax ci benn adduna bu rafet (bu mënula nekk xëyna) bu amagul. Tontuleen ci laaj yii di ñëw ak ki nekk sa wet:

L: Naka lañu mënee wone ci sunu bopp adduna ni ñu bëgga gis, ni ci film bi?
L: Lan lanu wara soppi ngir adduna boobu am?
L: Fattelil ñaari mandarga yooyu ñu gisoon ci film bi (xool leen leen ci kayit bi). Naka la dondu mandarga yooyu di ñu sase ba léégi ngir adduna bu ñu beesalaat ay ati at?

Na jàngkat yi bokk ak waa kalaas bi seeni tontu.

AKTIWITE: NJANGUM FI LI DI DUND NEKK AK NIT ÑI (20 SIMILI)

Ab dëkk ngir mu mëna naat faww mu am lu néew lu mu dunde. Dëkk bu ñu beesalaat ngir mu nekk faww mu yemele li muy dunde ak li ko wër. Ci adduna bu mëna am, na nu xool yan jëf ñooy soppi jawu ji jóge ci li koy yaq dem ci li koy sellal.

Dinanu dawalaat film bi te, ci biir film bi, dinanu génne ay mandarga ci fann yii: Dëkkuwaay ak Kiiraay, Dem beek Dikk bi, Ñam ak Mbay; Kattan; Bokk Dëkk ak Taxawu.

Jéégo **1** Waajalal say matariyel. Jàngkat yi dinañu soxla ay kayitu ci aktiwite bi walla kayit bu amul ay bind fi nu mëna desine seen misaal. Jàngkat yi dinañu soxla itam ay bindukaay (ay karayoŋ, big markëër, ak yeneen).

Jéégo **2** Yëgalal jàngkat yi ne war nañu génne jëf yëpp, mandarga, xayma walla ay wonale ci film bi yu mëna dugg ci fann yii.

Jéégo **3** Dawalalaat film bi te fattelil jàngkat yi ñu duggal yi nu gis ci buwaat yi. .

Jéégo **4** Woowal jàngkat yi ñu bokk li ñu def ak kalaas bi.

Xalaat: Liggéeyandoo leen ngir génne tontu yu gëna bari te yow nga bind ci tabló bu mag walla posteer.

Jéégo **5** Jeexal waxtaan wi

L: Ndax mën ngeen génne tontu yu mëna dem ci fann bu ëpp benn?
L: Ndax mën ngeen wax yan ci ñoom ñoo jóge ci nguur gi, waa dëkk bi, mitiyel, walla kenn nit?
L: Nit ñi lu ci ëpp dañuy wéeru ci nguur ngir ay ndimbal ak ci sistem ngir am lu ñu dunde. Ci Addunu bu Mëna Am, yan njëriñ la nit ñi mëna gis bu fekkee efoor ak responsabilite yi dañu ko bokk (maanaam, ndimbal ci ñaari boor yëpp, ay jéégo yu ñëpp jëlandoo)?
T: Demal sa bopp, aseens, ay gis-gis yu bari, tollole ci lépp, dooleel, bokk resources yi, bokk kattan yi, jafe-jafe bu néew ci jawu ji, njàng mu yagg ci fi li di dund nekk, adduna bu beesaat.

6 CI JEEXAL (5 SIMILI)

Ci njeexatilu film bi am na ay tur yu seeni kaddu waral film bi am. Noonu la Ezra Wube wëyale di wone aw yoon buy wone gëddu ñi ci bokk ñepp. Ni Adduna Bu Mëna Am, mën nañu joxe sunu mën-mën, doole ak xam-xam ak li ñu Yalla may ngir sunuy nit.

Laaj yi ngir tëj waxtaan wi:

L: Ci naka ngeen yaakaare japp ci ngir tabax adduna bu beesaat?
L: WYan mën-mën, doodle, xam-xam ngeen mëna joxe ngir seen waa dëkk?
L: Yan xalaat ngeendi yobbaale jóge ci njàngum tay bi te def ci seen giiru dund?
L: Ndax am na ku am yeneen laaj balaa nuy tëj sunu njàngum tay?

FARAMFACE BAAT YI

Mbay: Njangum ni nuy baye ni toppatoo suuf si ngir mëna ji te yar ay gett ngir am lekk, karaw walla yeneeni porodiwi.

Animasiyon: Yoon bi niy jëfandikoo ngir portale ay dessin ngir amal ay mbir yuy dox su nu leen wone ci anam bu gaaw.

Li di dund yepp ak fi nuy dunde: Dund yu bari yi ci adduna bi walla ci biir dëkkuwaay walla fi nu nekk.

Soppeeku kilimaa bi: Ab soppeeku ci ni kilimaa di deme ci adduna bi walla ci gox bu gëna ndaw, lu ci ëpp soppeeku bi doore ci téémééri at yii jall te ñu jagleel ko yokkutéém saxaar si ci kaw jawu ji te mu jóge ci nit ñi ci seen jëfandikoo petarol ak yu ni mel.

Njangum fi li di dund nekk: Carub njangum jur biy wax ci diggante mbir yi ak li leen wër.

Eneersi bu doy: Jëfandikoo eneersi bi ci anam bu yem ngir yaxanal ko ni kuran walla petarol.

Lëkkëloo: Bu fekkee ñi ci nekk ñëpp ñoo bokk te takkante.

Ndimbalante: Ni nit ñi di toppatante wuteek ku nekk di demal sa bopp.

Wone Yoon: Mbir bu nit def te ñu mën kaa topp ngir lu baax ci ñun.

Li Jawu ji maye: Jumtukaay walla ay nekkin ni li dund ci biir suuf si, garab yi, ndox mi ak suuf su baax bi nekk ci jawu ji te ñu mën kaa jëfandikoo ngir sunu koom.

Tilim-Tilim jawu ji ak saxaar: Li dugg ci jawu ji te muy koy naxasaay ba mu indil luy rayaate.

Resikalaas: Jël mbalit mi fexe ba mu nekk li nu mëna jëfandikoowaat.

Beesalaat: Fexe ba mu beesaat, defaruwaat, delloo ko nu mu meloon, te am yéene fexe ba mu baax ci kaw li yaquwoon walla li nu ñakk.

Jëfandikoo bu yagg: Yaxanal ba ni nuy jëfandikoo resource natirel yi yem ba du yaq jawu ji

Eneersi Ngelaw gi: Kuran bi ngelaw gi di joxe, te nuy jëfandikoo ay poto yu am xanndal di xëcc ngelaw gi.

LI CI YOKK: MANDARGA

Mandarga Jamm te Gerald Holtom def ko ngir Campagne Ngir Jeexal Gannaayu joge ci Nucleair. ci atum 1958.

Xayma bu resikalaas te Gary Anderson def ko ci atum 1970, te mu nekk benn jangkat bu doon jeexal ci Universite bu Southern California. Dafa ko def ci benn conference bi mu nekkee ci lycee te Container Corporation of America amal ko.

NJANGUM FI LI DI DUND NEKK AK NIT ÑI (AKTIWITE)

Génne jëf yëpp, mandarga, xayma walla ay wonale ci film bi yu mëna dugg ci fann yii ci suuf.
Bindal say tontu ci tablo bi!

FANN SOXLA YI	MISAAL	TE ... DEF KO
1. DËKKUWAAY AK KIIRAAY	Maanaam Tabax	
2. DEM BEEK DIKK BI	Maanaam ay bis, oto yuy yaxanal esaans, tali yi.	
3. ÑAM AK MBAY	Maanaam sardin, ay tool	
4. KATTAN / ENEERSI	Maanaam eneersi bi joge ci ngelaw gi, ak eneersi bu joge ci jant bi.	
5. BOKK DËKK AK TAXAWU	Maanaam, woy, jotaay bu neex	